Italie

# LAN NGA WARA XAM CI EURODAC



WOLOF

## LU TAX MA JOT TÉERE BII?

Li tax nga jot teere bi mooy njiit yi dañu wara jël sa xibaari biométrique yi



Xibaari biométrique mooy ampareentu baaraam yi ak bataal yi.



Xibaar yii bu ñu leen boolee ak xibaar yi nekk ci sa dàntite ak yeneen xibaar yu am solo di na ñu leen yobb ci ab dencukaay bi Eurodac.

Teere bii, dey tekalikù say sañ-sañ, manaam say droits ak li ñuy xaar ci yaw, manaam say devoirs cii toppatoor bi ni ñu nekk.

## LAN MOOY EURODAC?

Eurodac ab dencukaayu réewu órob yi la buy dugal ak di mengale xibaari yenn xeeti nit yiy duggu ci biir réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin. Yooyu xeet leeral nañu leen ci teere bi.

Nietti fukk ak bènn (31) réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin yi mëna toppatoo say mbir ak jël ci ay xibaar ñooy jëfandikoo dencukaay bi. Boo tukkiwè ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin te amoo ci ndigal bañu jëlaat say xibaar, mbooleem sa xibaar yi nekk ci Eurodac yepp njiiti réew moomu dinañu ko giss. Ci yenn anam yi, dinañu yeesal say xibaar buñu sukkandikoo ci xibaar yu bees yi.

## YAN RÉEW ÑOOY RÉEW YU BOOLOO YU ÓROB AK RÉEW YU ÀND AK ÑOOM CI AY DOXALIN?

**Yaa ngi léegi ci Italie mi nga xam ni bokk na ci Réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin.**
**Réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin ñooy:**

- Niar fukk ak diourom niar (27) réew yi bokk ci Réew yu booloo yu Órob (EU): Allemagne, Autriche, Belgique, Bulgarie, Chypre, Croatie, Danemark, Espagne, Estonie, Finlande, France, Grèce, Hongrie, Italie, Lettonie, Lituanie, Luxembourg, Malte, Pays-Bas, Pologne, Portugal, République d’Irlande, Roumanie, Slovaquie, Slovénie, Tchéquie, Suède ak
- Yeneen 4 réew: Islande, Liechtenstein, Norvège, Suisse.

## LAN LAÑU JUBLU CI EURODAC?

Juroomi mbir yu am solo lañu jublu ci Eurodac:

- Ngir dimbalèh réew yi bokk ci réew yu booloo Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin ñu jël dogal ci ban réew moo xarañ ngir mbirim kaarange bitim réew.
- Ngir mu dimbalèh ci saytu tukki yu jaar yoon yi ak yu jaarul yoon yi ci réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin
- Ngir joxante ay xibaar ci diggante njiiti réew yi ak artu ñaawteef ak terorism
- Ngir wóorlu ni xale yi duggu Órob dinañu leen mëna di topp ak di leen àar
- Ngir wóorlu ni yeneen dencukaayu Órob yi def xibaar yi mel ni wàllu wisaa ñu ngi dox bu baax.



## YAN XIBAAR LAÑUY DUGAL CI EURODAC?

Xibaari nit ñu thiossano wul ci ab réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob yi ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin ñoo nekk ci Eurodac, nit ñi nga xam ni:

- bindu nañu ngir am kaarange bitim réew
- jeggi nañu ci ludul ndigal foronceeru benn réew ci réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin
- dañu leen wàcce ci gaal ci ab réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin ginaaw bi ñu leen xettalee ci geej gi.
- dañu nekk ci lu dëppoo wul ak yoon ci benn réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob yi ak réew yi ànd ak ñoom
- dañu agsi ci benn réew bu bokk ci réew yu booloo yu órob ak réew yu ànd ak ñoom jaare ko ci tërëlinu Órob wala ab tërëlin buy dalal ngir fonk doomu àadama
- dañu leen joxoon kaarange ci ab diir.

## KAN MOO MËNA GISS SAMAY XIBAAR?

Njiitu asil yi ci biir reew mu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin dina ñu jël sa xibaaru biométrique boole leen ak yeneen xibaar yu am solo yonnee leen Eurodac bu ko defee ñu jot li tukkee ci mengale bi.

Bànqaas bu aju ci réew yu booloo yu Órob yi di yengu ci wàllu lëkkale liggeeyu saytu yoon yi ak ligeeyu polis réew yi mën nañu sàkku joti ci Eurodac ngir lu jëm ci wàllu kaarange, seet ak gëstu ci ñaawteef yu rëy ak ci terorism. Mën na am ñu seet say xibaar ci Eurodac.

**LU AM SOLO!** Njiit yi nekk ci sa réewu thiossane du ñu mëna jot ci xibaar yooyu.

## LAN MOOY XEW SUMA BAÑEE JOXE SAMA AMPAREENTU BAARAAM?



Yoon moo sàkku ci yaw nga joxe ampareent baaraam ci lu war.

Amna sabab yu am solo yu tax ñu soxla sa ampareent baaraam. Boo bindu wee ngir am asil, lii ab jeego la bu mënta ñàkk ci toppatoo bi.

Ampareent baaram mën na la dimbali tamit ci ñu guiss ay mbokk yu nekk ci réew yu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin.

Bu sa ampareentu baaram yi yàkku wee, dinañu jëlaat sa ampareent baaraam beneen yoon.

Boo yàkkee sa ampareentu baaraam ci ak tayeef, dina am ay jeexital yu baaxul.

Ci misaal, boo bindu wee ngir am asil, mën na am ñu dàkkal toppatoo bi.

Buñu dàkkalee toppatoo bi ci say mbir, loolu mooy tekki ni jàppeetuñu la aji bindu (kuy sàkke asil). Di nga ñàkk sañ-sañ yi aju ci sa tolluwaay, ci jamono yii ak ëllëk.

Njiiti réew yi bokk ci Réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin mën nañu jëfandikoo jaay doole ngir jël sa ampareent baaraam buñu amul pexe. Mën nañu la teeye tamit, muy pexe mu mujju, ngir rààñee ak gëstu ki nga doon.

Boo bañee jox njiiti réew mi sa ampareent baaraam, dina am ay jeexital yu ñu rààñee.

Ci dèh, bañbii mënañuko tèkkiwè melni ku bugul jokko ak wa mbindin( authoritès) yii tèh nak loluu mënna takh ba ñiom ñu mënna teyè niit ki ci yon (détention administrative). Ci lolu, souniou tèyè wèe niit ki ci yon, jëf ji,manaam baña jokko bi  dinañuko dougal ci seyni systémes electroniques. Tèh kepp ki ci liguey, dinaci mën djot suniuy deff yenn procéduru seetlu ak wone – wone bu koy xamlè. (procèdures identification et acceptation).

## YAN ÑOOY SAMAY SAÑ-SAÑ CI LU JËM CI SAMA XIBAAR YU NEKK CI EURODAC?

Bepp réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob amna bànqaas buy saytu ni ñuy jëfandikoo xibaari nit ki. Am nag sañ-sañ ci jokkoo ak saytukatu xibaar yi ak ligeeykat biy àar xibaar yi bu ko defee nga sàkku jot say xibaar yi ñu denc ci Eurodac.

Mën nga sàkku ñu joyyanti say xibaar bu fekkee danga jàpp ni dañoo:

- wérul te laaj joyyanti
- matul te laaj yeesal

Mën nga sàkku ñu dindi say xibaar bu fekkee danga jàpp ni dañoo:

- leen dugal Eurodac ci lu dëppoo wul ak yoon.

Mën nga fekk ay xibaari jokkoo yu saytukatu xibaar yi ak yu ligeeykat biy àar xibaar yi ci xët bu mujju bi ci teere bii, ñu duppee ko **"yeneen xibaar yu am solo".**

Boo bëggee jebbal ab ñaxtu bu jaar yoon ci wàllu ni ñuy yoree say xibaar, mën nga jokkoo ak bànqaas buy saytu ci réew mi.

Mën nga fekk xibaari jokkoo yu bànqaasu saytu ci réew mi ci xët bu mujju ci teere bii.

# YENEEN XIBAAR YU AM SOLO

## AY XIBAARI JOKKOO YU BARABU LIGAAYUKAAYU SAYTUKATU XIBAAR YI

Ci suuf mën nga fa fekk ay xibaar ci naka lañuy jokkoo wee ak biro bu saytukatu xibaar yi ak ligeeykat biy àar xibaar yi ci réew mi.

Saytukatu xibaar yi mën nala yëgal ban ci sa xibaaru bopp yi lañu dugal Eurodac. Bu fekkee dugaluñu sa xibaari bopp nimu waree, mën nga sàkku ñu joyyanti xibaar yi.

Bu fekkee danga jàpp ni amna benn ci say xibaar yuñu laal ci lu dëppoo wul ak yoon mën nga sàkku ñu dindi xibaar bi ci boo jëfandikoo xibaari jokkoo yi nekk ci suuf.

- **Ki yor doxalin bi ci sa ay xibaar (Titulaire traitements des donnès):** Ministre de l'intèrieur – Dèpartement de la Sècuritè pubblique, ak kër-gëram bu nekk, Place du Viminale 1, IT-00184, Rome.
- **Ki war a saytu aarug xibaar yu nit ñi (Responsable protection des donnès personels:** Secretaire du Dèpartement – Bureau VI – Sècuritè Donnès Police d'Etat, ak kër-gëram bu nekk Place du Viminale 1, IT-00184, Rome. **Email:** rpd.dipps@pecps.interno.it
- **Buntu jokkoo (Punto di contatto):** Direction centrale de la Police scientifique e sècuritè et cybernètique – ak kër-gëram bu nekk, Rue Tuscolana 1538 – Rome **Email:** dipps037.0200@pecps.interno.it

## AY XIBAAR CI WÀLLU SAÑ-SAÑ YI CI XIBAAR YI

Ci biir réew mi, amnga sañ-sañ yiñu rààñee yii di ñëw ci wàllu niñuy jëfandikoo say xibaari bopp.

- **Sañu walu xamal la ci ni ñuy jëfandikoo ak saytu sa xibaar yii**
- **Sañu am ci djot ak giss xibaar yu aju ci yaw**
- **Sañu laaj ñu jubal sa xibaar yii su jubadiwul walla yi matul**
- **Sañu am ci ñu far sa xibaar yii ci yoonu réew mi tëral.**

## AY XIBAARI JOKKOOWUKAAY YU NJIIT YIY SAYTU CI RÉEW MI

Mën nga jëfandikoo xibaar yi nekk ci suuf ngir jokkoo ak bànqaas biy saytu ci biir réew mi.

Mën nga jebbal bànqaas biy saytu ci biir réew mi ab ñaxtu bu jaar yoon boo jàppee ni amna benn ci sa xibaari bopp yi buñu laal ci lu dëppoo wul yoon.

**Buntu jokkoo:** Direction Centrale de la police Scientifique e de la sècuritè cybernetique – RueTuscolana 1538 – Rome.

**Email:** dipps037.0200@pecps.interno.it

## LI MA BÀYYI XEL

Teere bi ngir joxe ay xibaar rek la. Nekkul ngir joxe ay sañ-sañ ak ay wareef. Mbootaayu Réew yu booloo yu Órob ngir dalal daw-làqqu yi (EUAA) moo joxe li ëpp li nekk ci jumtukaay bi, te EUAA mooy joxe digal ci sotti wala soppi jumtukaay bi ci réew yi bokk ci Réew yu booloo yu Órob. EUAA amul lenn lumu warlu ci wéraayu xibaar yi nekk ci teere bi te tukkee ci réew yu bokk ci kureelu Réew yu booloo yu Órob, ci luñuy wund, ci seen mataay, ci seen dëppoo ak yoon wala ci seen wóoraay. Moo xam EUAA wala kepp ku koy ligeeyal du ñu leen toppee dara ci jëfandiku bu waay mëna def ci xibaar yi nekk teere bi.

© European Union Agency for Asylum, 2025